



Aksè Lengwistik pou Kontribyab ki gen Konpetans Limite nan Anglè Kesyon yo Poze Souvan

IRS la rekonèt anpil kontribyab gen konpetans limite nan anglè, sa ki ka yon baryè pou konpreyansyon dwa ak responsabilite fiskal yo. IRS la devwe pou li abòde baryè sa yo epi Biwo Ekite a, Divèsite ak Enklizyon, Divizyon Dwa Sivil yo ap ranfòse lwa sou dwa yo.

Deklarasyon Politik 22-3 IRS, *Devouman pou ede kontribyab ki pa pale anglè yo konprann obligasyon fiskal* yo deklare "IRS la devwe pou li bay chak kontribyab sèvis tòp kalite, sitou pou sila yo ki pa byen metrize lang anglè a ditou. Nesesite kontribyab sa yo ap nan plan estratejik ak taktik ajans lan toudepann de resous ki disponib yo. Mendèv nou an ap genyen zouti esansyèl ki nesesè pou entèraji nan yon mannyè awopriye avèk baz kontribyab divèrsifye nou an."

Annapre a se kesyon yo poze souvan konsènan kòman IRS la bay aksè lengwistik pou sila yo ki gen konpetans limite nan anglè nan pwogram ak aktivite IRS la dirije ak oswa finanse yo.

1. Ki lwa ki abòde aksè lengwistik pou moun ki gen LEP (Konpetans Limite nan Anglè)?

Tit 4 nan Lwa sou Dwa Sivil 1964 yo ak règleman federal yo entèdi diskriminasyon sou baz kote yo soti. Lòd Ekzekitif 13166 (an anglè), Amelyorasyon Aksè nan Sèvis yo pou Moun ki gen Konpetans Limite nan Anglè yo egzije ajans federal yo pou yo bay moun ki gen konpetans limite nan anglè yo bon aksè nan avantaj pwogram ak sèvis gouvenman federal la dirije oswa finanse. Lòd ekzekitif la egzije tou pou ajans federal yo travay pou yo gen garanti benefisyè asistans finansyè federal yo bay bon aksè pou moun ki gen konpetans limite nan anglè yo (LEP) pou sèvis yo ofri yo.

2. Kiyès yo konsidere antanke yon moun ki gen LEP?

Moun ki pa gen anglè antanke premye lang yo epi ki gen yon kapasite limite nan lekti, pale, ekri oswa konprann anglè ka gen konpetans limite nan anglè, oswa LEP.

3. Èske estati sitwayènte mwen enpòtan?

Non. Tout moun ki reponn ak egzijans pwogram yo, kèlkeswa estati sitwayènte li, kalifye pou jwenn asistans lengwistik.

Janvye 2016



4. Kiyès ki yon patnè oswa benefisyè asistans finansyè federal IRS la finanse?

Yon patnè oswa benefisyè ki finanse avèk asistans finansyè federal se yon antite ki benefisyè sibvansyon, fòmasyon, itilizasyon ekipman, don pwopriyete oswa lòt asistans finansyè IRS la. Jeneralman, antite sa yo ede kontribyab yo nan preparasyon enpo oswa rezoud litij fiskal yo. Patnè ki jwenn finansman IRS yo se:

- Pwogram Benevòl Asistans pou Enpo sou Revni
- Pwogram Konsèy sou Enpo pou Pèsonaj yo
- Pwogram Klinik Enpo sou Ti Revni yo

5. Ki etap yo pase pou garanti kontribyab ki gen LEP yo jwenn bon aksè nan pwogram yo ak aktivite yo?

Depatman Jistik la te defini etap pou ajans ak patnè ki finanse yo dwe swiv pou yo egzaminen sèvis yo bay yo ak pou evalye kòman moun ki gen LEP yo kapab jwenn bon aksè nan sèvis yo san misyon fondamantal ajans lan pa antrave. Etap sa yo se analiz faktè ki annapre yo::

- kantite oswa pwopòsyon moun ki gen LEP ki kalifye pou jwenn sèvis oswa ki gen chans pou rankontre pwogram nan oswa patnè finanse yo
- nan ki frekans moun ki gen LEP yo antre nan pwogram nan
- nati ak enpòtans pwogram nan, aktivite oswa sèvis pwogram nan bay
- pri ak resous ki disponib pou ajans lan oswa patnè finanse yo

Objektif gid sa a se pou ede jwenn yon balans k ap garanti kontribyab ki gen LEP yo jwenn bon aksè nan sèvis enpòtan yo san sa pa enpoze okenn antrav bay ajans lan.

6. Ki kalite sèvis asistans lengwistik oral ki disponib pou kontribyab ki gen LEP yo?

Asistans lengwistik oral la kapab gen ladan:

- manm pèsonèl bileng ki kalifye
- sèvis entèpretasyon nan telefòn
- kominate bileng kalifye volontè nan pwogram patnè yo



7. Èske mwen ka vini ak pwòp entèprèt mwen pou rankontre IRS la oswa yon patnè IRS la finanse?

Jeneralman, manm fanmi yo, timoun yo, zanmi ak volontè ki pa fòme pa ta dwe sèvi antanke entèprèt. Nan anpil sikonstans, zanmi yo oswa manm fanmi yo ka pa familyarize ase avèk tèm pou yo fè yon bon entèpretasyon. Si ou swete vini ak pwòp entèprèt ou, IRS oswa patnè ki jwenn finansman IRS yo ka toujou bay yon entèprèt anplis pou akonpaye entèprèt ou an, toudepann de konpleksite komunikasyon an.

8. Èske mwen ap gen pou m peye paske mwen itilize yon entèprèt IRS la oswa entèprèt patnè IRS la finanse?

Non. IRS la ak patnè IRS la finanse yo bay sèvis entèprèt pou kontribyab yo gratis.

9. Ki kalite sèvis asistans tradiksyon alekri ki disponib?

IRS la ak patnè IRS la finanse yo tradui kèk dokiman endispansab nan lang lang yo rankontre souvan pou garanti bon aksè pou kontribyab ki gen Lep yo. Aktyèlman, IRS la gen depase 100 dokiman ki tradui an Panyòl ak oswa lòt lang. Anpil dokiman ki pa tradui genyen tou enfòmasyon pou kontak si asistans lengwistik nesesè. Sit entènèt irs.gov la disponib tou nan sis (6) lang anplis anglè a: Panyòl, Chinwa, Koreyen, Ris, Kreyòl ayisyen ak Vyetnamyen.

10. Kisa ki yon dokiman endispansab?

Dokiman endispansab yo se, men pa sèlman:

- fòmilè konsantman ak plent
- fòmilè admisyon ak demann ki ka gen gwo konsekans
- avi dwa ki ekri
- avi refi, pèt oswa diminisyon nan avantaj yo oswa sèvis yo; epi
- pano ak avi ki enfòme moun ki gen Lep yo sou sèvis asistans lengwistik gratis yo

11. Poukisa IRS la ak patnè finanse li yo ap swiv kantite kontribyab ki gen LEP ki jwenn sèvis yo?

Konesans sou kantite ak kalite lang ki desèvi yo ede IRS la ak patnè finanse li yo afekte resous yo nan pwogram yo, zòn jewografik yo ak moun ki gen LEP k ap benefisyé sèvis yo. Parekzanp, IRS la ka eseye anplwaye pèsonèl bileng ki kalifye nan zòn kote ki gen anpil kontribyab ki gen LEP I ap bay sèvis.



12. Kiyès mwen kapab kontakte si mwen panse demann pou asistans lengwistik mwen an te mal refize?

Si ou kwè ou te sibi diskriminasyon pou kote ou soti (LEP), ou ta dwe voye yon plent alekri nan:

Office of EDI Civil Rights Unit
Internal Revenue Service, Room 2413
1111 Constitution Avenue, NW
Washington, DC 20224

Si ou pito, ou ka voye yon mesaj imèl ba nou nan edi.civil.rights.division@irs.gov.

Ou kapab jwenn epi konplete yon fòmilè anliy tou sou sit entènèt nou an: [Sit entènèt Dwa Sivil IRS.](#)

13. Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Pou plis enfòmasyon konsènan asistans lengwistik nan pwogram federal la ap dirije ak finanse, pou moun ki gen LEP yo, tanpri vizite sit entènèt ki annapre a: [Sit entènèt Depatman Jistis LEP.](#)